



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN KREDI EKIPMAN POU CHALÈ EKSTRÈM

Pwogram pilòt la sipòte ti biznis ki kalifye yo nan pwoteje travayè yo kont efè chalè ekstrèm yo

Kredi a ede adrese koneksyon ant chalè ekstrèm ak sante ak sekirite travayè a, menm jann [rapò 2024 NYSIF la](#) te soulinye sa a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse lansman nouvo Kredi Ekipman pou Chalè Ekstrèm (Extreme Heat Equipment Credit) Fon Asirans Eta Nouyòk (New York State Insurance Fund, NYSIF) la. Kredi a ede ti biznis ki kalifye yo pwoteje travayè yo atravè acha ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ak founiti ki fèt pou minimize efè ekspozisyon fas ak chalè.

"Evènman move tan ekstrèm yo te malerezman vin nouvo nòmal nou, ak isit la nan Nouyòk, nou ap priyorize resous yo ede ti biznis nou yo ak travayè yo nan tout eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplwaye ki travay di nou yo atravè eta a merite gen aksè a benefis ki nesèsè nan ka maladi ki gen rapò ak chalè, espesyalman moun ki travay plizyè èdtan deyò."

Avèk 2024 kòm ane ki pi cho ki janm anrejistre, epi chak ane ant 2015-24 klase pami 10 ane ki pi cho ki janm anrejistre, ogmantasyon tanperati yo vin tounen yon danje pwofesyonèl enpòtan pou anpil endistri. Chalè ekstrèm ka mennen nan chalè ki gen rapò ak maladi tankou konjesyon serebral chalè ak fatig chalè epi yo ka agrave kondisyon pre-egziste tankou opresyon, maladi ren, oswa maladi kè. Ekspozisyon nan chalè ekstrèm kapab tou afekte fonksyon mantal ak motris, sa ki ogmante risk aksidan nan travay la.

Kredi pou Ekipman Chalè Ekstrèm NYSIF la disponib pou ti biznis yo — jiska 10 anplwaye — nan fabrikasyon, depo, chapant, jaden peyizaje ak agrikilti; endistri kote travayè yo souvan ekspoze a tanperati ekstrèm yo. Biznis sa yo ka resevwa yon kredi yon sèl fwa ki se 1,000 dola oswa 10 pousan nan prim konpansasyon travayè anyèl yo, kèlkeswa sa ki mwens, nan direksyon acha PPE ki fèt pou pwoteje travayè kont efè chalè ekstrèm yo.

Inisyativ jodi a se dènye angajman NYSIF pou ankouraje sekirite travayè yo epi konbat efè chanjman klimatik yo. NYSIF fèk elaji [Kredi Prim Aksyon Klimatik \(Climate Action Premium Credit\)](#) li a pou bay plis founisè sèvis swen sante ansanm ak antite ki angaje nan chèn ekipman medikal yo. Pwogram nan bay ankourajman finansye ak sipò teknik pou planifikasyon ak aplikasyon aksyon klimatik.

Acha elijib anba Pwogram kredi Ekipman Chalè Ekstrèm NYSIF la enkli men yo pa limite a vantilatè, sistèm vantilasyon, jile refwadisman, kas sekirite vantile, linèt sekirite ki reziste fas ak UV, ak sèvyèt refwadisman. Moun ki gen asirans NYSIF ki kalifye yo ka aplike pou kredi a sou sitwèb NYSIF la nan nysif.com/ppe.

Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Jeneral Fon Asirans Eta Nouyòk la, Gaurav Vasisht, te deklare, "Kòm chalè ekstrèm ap vin pi souvan e pi grav, li enpòtan pou anplwayè yo bay travayè yo ekipman pwoteksyon ak ekipman sekirite pou minimize risk. Pwogram sa a te fèt pou ti biznis ki ka pa gen resous konpetitè ki pi gwo yo pou ede travayè yo rete an sekirite epi pwodiktif nan anviwònman travay ki pi difisil e ki gen chalè ki pi wo yo."

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te deklare, "Kòm nou kontinye wè yon ogmantasyon chalè ekstrèm nan tout Nouyòk, preparasyon, kominikasyon ak lòt prekosyon ka sove lavi moun. Li enpòtan anpil pou nou travay pou bay kiltivatè yo ase resous pou ranfòse rezistans yo epi asire mendèv yo — ki sitou opere deyò — rete an sekirite. Inisyativ sa a ki soti nan patnè nou yo nan NYSIF se yon gwo pa pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan chalè a, epi mwen ankouraje tout biznis ki kalifye yo pou yo aplike."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk (Department of Environmental Conservation, DEC), Amanda Lefton, te deklare, "Dec ak eta nou an ak patnè lokal yo angaje nan adrese chalè ekstrèm kE kriz klimatik la lakoz pandan y ap idantifye aksyon ede kenbe kominote nou yo san danje epi an sante. Jan Gouvènè Hochul te mande l la, DEC ap travay pou aplike Plan Aksyon Chalè Ekstrèm nan avèk ajans patnè nou yo lè yo avanse alafwa estrateji ak solisyon pou ede adrese chalè ekstrèm lan. Kredi Ekipman Chalè Ekstrèm NYSIF la konplete efò sa yo lè li ede ti biznis yo pwoteje travayè yo, patikilyèman moun ki souvan ekspoze a tanperati ekstrèm, kont chalè ekstrèm ak move tan, atravè Eta Nouyòk."

Komisè Depatman Sante Eta Nouyòk la (Department of Health), Doktè James McDonald, te deklare, "Chalè ekstrèm ka menase lavi, menm pou moun ki an sante, epi sitou pou moun ki gen pwoblèm sante deja tankou opresyon. Pwogram sa a ka ede asire ke ti biznis yo kapab sipòte yon anviwònman ki an sekirite pou anplwaye yo pandan mwa ki pi cho nan ane a."

Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la (New York State Department of Labor), Roberta Reardon, te deklare, "Tanperati ki wo anpil ka danjere e menm mòtèl, sitou pou moun k ap travay deyò. Mwen ankouraje ti biznis ki kalifye yo pou yo pwofite nouvo Kredi Ekipman pou Chalè Ekstrèm nan pou achte ekipman ak founiti pwoteksyon

pèsonèl pou minimize efè ekspozisyon chalè pou anplwaye pa yo. Nou dwe kenbe travayè yo an sekirite pandan n ap fè Nouyòk yon kote ki pi an sante e ki pi an sekirite pou moun viv ak travay. Mwen raple tout anplwayè yo tou pou yo revize [Gid Chalè Ekstrèm](#) nou an pou yo ka pi byen konprann kijan pou pwoteje anplwaye yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare, "Li esansyèl pou sante yo ak pou yon anviwònman travay ki an sekirite pou asire ke travayè yo gen aksè a ekipman ak founiti pwoteksyon apwopriye pandan peryòd chalè ekstrèm lan. Mwen bat bravo pou Fon Asirans Eta Nouyòk ki ofri kredi ekipman sa a, ki se youn nan anpil resous ki disponib pou biznis yo pou redwi ekspozisyon epi minimize risk lè tanperati yo danjerezman wo pou peryòd tan ki long yo."

Prezidan Komisyon Dedomajman Travayè Eta Nouyòk la, Clarissa M. Rodriguez, te deklare, "Pwoteje travayè yo kont danje chalè ekstrèm se bagay ki bon fè epi ki toujou bon pou biznis yo. Mwen bat bravo pou NYSIF ki devlope yon pwogram ki ede alafwa ti biznis yo ak anplwaye yo ki travay pou yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Business Council of New York State, Heather Mulligan, te deklare, "Lwa federal la egzije pou tout patwon yo bay yon anviwònman travay san danje ke yo idantifye ki ka lakòz blesi oswa maladi grav. Anplwayè Nouyòk yo se lidè nan pwoteje travayè yo soti nan danje sa yo, ki gen ladan ekspoze a tanperati ekstrèm. Lè NYSIF bay Kredi Ekipman Chalè Ekstrèm nan Fon Asirans Eta Nouyòk la, li ranfòse angajman li pou sipòte anplwayè Nouyòk yo nan kad efò sa a. Nou ankouraje tout biznis ki kalifye yo pran avantaj de kredi sa a pou re - investi nan ti biznis pa yo."

Senatè Eta a, Sean Ryan, te deklare, "Nan lejislati Eta Nouyòk la, nou toujou ap chèche nouvo fason kreyatif pou sipòte ti biznis yo ki estimile ekonomi eta nou an. Avèk tanperati k ap monte yo, nou bezwen asire ke moun k ap travay nan ti biznis nan domèn vilnerab yo kapab travay nan kondisyon ki an sekirite epi ki bon pou sante. Mwen remèsye NYSIF ak Gouvènè Hochul ki sipòte plan sa a pou pwoteje travayè yo ak investi nan ti biznis yo atravè eta a."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Pandan ke tanperati kontinye ap monte, mete travayè nou yo an premye se yon nesesite. Kredi ekipman chalè ekstrèm sa a asire ke travayè nan endistri ki pi vilnerab fas ak chalè yo rete an sekirite epi an sante pandan y ap travay. Non sèlman mwens anplwaye pral risk fè aksidan nan travay ak enpak sou sante alontèm, men ti biznis yo ap resevwa tou resous yo bezwen pou kontinye operasyon yo pandan evènman chalè ekstrèm yo. Malgre menas chanjman klimatik k ap ogmante a, Eta New York rete angaje pou pwoteje mwayen sibsistans ak byennèt travayè nou yo."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Ti biznis nou yo kontinye ap lite. Pwogram Kredi Taks pou Chalè Ekstrèm nan pral ede ti biznis nou yo. Mwen apresye

gouvènè a ki pran inisyativ sa a pou sipòte ti biznis nou yo ansanm ak moun ki travay pou yo."

Enfòmasyon sou NYSIF

NYSIF se pi gwo konpayi asirans konpansasyon travayè nan Eta Nouyòk ak pami dis pi gwo nan tout peyi a. NYSIF kouvri 2 milyon travayè ak asire 200,000 anplwayè nan Eta Nouyòk. Misyon NYSIF se garanti disponiblite konpansasyon travayè yo, asirans andikap ak konje fanmi yo peye a pi ba pri posib pou patwon Nouyòk yo pandan y ap kenbe yon fon sòlvab. Depi kreyasyon li 110 zan de sa, NYSIF te akonpli misyon sa a nan fè konpetisyon ak lòt konpayi asirans pou asire yon mache ekitab pandan l ap sèvi kòm yon sous kouvèti garanti pou anplwayè ki pa ka jwenn airans yon lòt kote. NYSIF fè efò pou l rive jwenn pi bon rezilta sante pou travayè ki fè aksidan yo epi pou l vin yon lidè nan sektè a nan pri, kalite, ak sèvis pou anplwayè Nouyòk yo. Pou plis enfòmasyon, vizite nysif.com.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)